**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**
**ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ «ЦЕНТР ОБРАЗОВАНИЯ г. ГУДЕРМЕС»**

**Приложение к ООП СОО**

# Рабочая программа

## учебного предмета

# «Чеченский язык»

для обучающихся 10 – 11 классов

Уровень: СОО

Срок освоения программы: 2 года

2023-2024 учебный год

**Пачхьалкхан бюджетни йукъардешаран учреждени**
**«Гуьмса-г1алин йукъардешаран кхерч»**

# Нохчийн меттан белхан программа

## ( 10 -11-г1ий  классаш)

2023 – 2024 дешаран шо

## КХЕТОРАН КЕХАТ

Программа хIоттийна нохчийн меттан хьехархочунна ишколан дешаран хIинцалерчу тенденцешна а, Iаморан жигарчу методикашна а тIехьажийна йолу дешаран предметан белхан программа хIоттош, методически гIо-накъосталла даран Iалашонца.

Белхан программо хьехархочун таро хуьлуьйтур йу:

1) нохчийн мотт хьехаран процессехь коьртачу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартехь билгалдаьхначу Iаморан личностни, метапредметни, предметни жамIашка кхачош долу хIинцалера некъаш кхочушдан; (кхин дIа – ФПДС КЙД);

2) билггал йолчу классан башхаллаш тидаме а оьцуш, билгалдина дакъа/тема Iаморна дешаран хенан магийнчу герггарчу дIасайекъарх, ткъа иштта дакъойн/темийн Iаморан коьчал карайерзорхьама йалийнчу дешаран гIуллакхдаран коьртачу кепех пайда а оьцуш, рузманан-тематикин планировани кечйан.

Личностни а, метапредметни а жамIаш далийна, коьртачу йукъардешаран ишколехь нохчийн мотт хьехаран башхаллаш тидаме а оьцуш.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмето билгалдо предметашна йукъара уьйраш гуманитарни циклан кхечу дешаран предметашца кхочушйар.

## «НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЙУКЪАРА ХАРАКТЕРИСТИКА

Нохчийн мотт – нохчийн халкъан ненан мотт, Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт.

Нохчийн мотт хааро а, цуьнан тайп-тайпана кепаш, функциональни тайпанаш карадерзоро а, цуьнан стилистически башхаллех, суртхIотторан таронех кхетаро а, нохчийн маттах тайп-тайпанчу тIекаренан хьелашкахь нийса а, эвсараллица а пайдаэца хааро а билгалдоккху адаман кхиаме хилар.

Нохчийн матто, шен тIекаренан а, ойла йовзийтаран а коьрта функцеш кхочушйеш, адамашна йукъахь уьйр латтайо, адаман кхетам а, дог-ойла а кхолларехь дакъалоцу; нохчийн мотт нохчийн халкъан хаамаш, оьздангаллин ламасташ, истори ларйаран а, йовзийтаран а коьрта гIирс бу.

Ишколехь нохчийн мотт Iамор тIехьажийна ду дешархочун оьздангаллин а, коммуникативни а культура кхачаме йалорна а, цуьнан интеллектан а, кхоллараллин а говзалла, ойлайар, иэс, суртхIоттор, ша кхочушден дешаран гIуллакх кхиорна а.

Нохчийн мотт Iаморан чулацам иштта тIехьажийна бу функциональни говзалла, адаман йешаран, текстех кхетаран, тайп-тайпанчу барамийн текстийн хаамах пайдаэцаран, цуьнан маххадоран, цунах ойлайаран, шен Iалашонашка кхачаран, шен хаарш а, таронаш а шорйаран, йукъараллин дахарехь дакъалацаран интегративни хаар санна, кхиорна. Къамелан а, текстан а гIуллакх нохчийн меттан ишколан курсан къепе кхолларехь коьртаниг ду.

Цаьрца догIуш долу хаарш а, карадерзарш а далийна Iаморан метапредметни, предметни жамIийн ларамехь, Iаморан чулацамехь (дакъош: «Мотт а, къамел а», «Текст», «Меттан функциональни тайпанаш»).

Дешаран предметан чулацам кхочушбан таро йу классал арахьарчу гIуллакхдарехь: экскурсеш, тематикин мероприятеш, конкурсаш, и. д.кх.

## «НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ IАМОРАН IАЛАШОНАШ

Коьртачу йукъарчу дешаран программашца нохчийн мотт Iаморан Iалашонаш йу:

патриотизмах кхетар а, иза гучуйаккхар а, нохчийн мотт Нохчийн Республикин шолгIа пачхьалкхан мотт санна, нохчийн халкъан къоман мотт санна ларар; маттаца нохчийн халкъан син хьал лардаран, довзийтаран кепе а, тIекаренан гIирсе а санна кхетаме йукъаметтиг хилар; нохчийн культуре ларам гучубаккхар;

нохчийн мотт адаман кхиаран гIирс, йукъараллин уьйр кхолларан гIирс санна караберзор;

нохчийн маттах, цуьнан дIахIоттамах, функцех, нохчийн меттан стилистически гIирсех хаарш карадерзор; литературин меттан норманаш а, къамелан оьздангалла а практикехь карайерзор; жигара пайдаоьцучу а, нуьцкъаллин а дешнийн хьал тодар а, шен къамелехь тайп-тайпанчу грамматически гIирсех пайдаэцар а; орфографически а, пунктуационни а говзалла кхачаме йалор, шен къамел кхачаме далоран лаам кхиор;

къамелан гIуллакх, адамашна йукъарчу куьцан а, куьцан доцучу а тIекаренан хьелашкахь гонахарчу нахаца эвсара йукъаметтигаш латтош долу коммуникативни карадерзарш кхачаме далор; нохчийн мотт тайп-тайпана хаамаш бовзаран гIирс санна караберзор;

ойланан гIуллакх кхачаме далор, нохчийн мотт Iаморехь дустаран, анализан, синтезан, жамIдаран, тайпанашка дIасадекъаран, билгала йолу бакъонаш дIахIитторан, универсальни интеллектан карадерзарш кхиор;

функциональни говзалла кхиор: хаамийн лехам кхочушбаран, оьшу хаам схьакъасторан а, хийцаран а, тайп-тайпанчу барамехь йолчу текстийн чулацам тидаран, царах кхетаран, пайдаэцаран хаарш; текстан хааман-маьIнин йухакечдаран стратеги а, говзалла а, некъаш а карадерзор; текстах, цуьнан гIуллакхах, йукъарчу маьIнех, маьIнин дIахIоттамах, авторан коммуникативни Iалашонах, меттан гIирсийн гIуллакхах кхетаран кепаш карайерзор.

## ДЕШАРАН ПЛАНЕХЬ «НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН МЕТТИГ

Коьртачу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартаца догIуш, «Ненан мотт (нохчийн)» дешаран предмет йукъайоьду «Ненан мотт а, литература а» предметни областана, Iамо декхарийлахь долу предмет а йу.

Дешаран хьесапца нохчийн мотт Iаморна билгалдаькхина 67 сахьт:
10 классехь – 34 сахьт (кIиранахь – 1 сахьт), 11 классехь – 33 сахьт (кIиранахь – 1 сахьт).

## «НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ

**10 КЛАСС**

**Маттах лаьцна йукъара хаамаш**

Нохчийн мотт – Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт. Нохчийн мотт – нохчийн къоман мотт. Мотт – адамийн уьйран а, кхиаран а, къийсаман а гІирс

Меттан мехаллех а, йукъараллин дахарехь цо дІалоцучу меттигах а кхеташ хилар

**Фонетика. Графика. Орфоэпи**

Фонетика а, графика а, орфоэпи а лингвистикин дакъош санна. Аз – меттан уггар а жима дакъа. Озан а, элпан а дазар. ХІинцалера нохчийн абат. Фонетически транскрипцин цхьайолу кепаш (элементаш). Мукъа а, мукъаза а аьзнаш. Къамелдарехь аьзнийн хийцадалар. Нохчийн меттан шатайпана аьзнаш. Деха а, доца а мукъа аьзнаш. Дифтонгаш. Нохчийн меттан интонаци, интонационни конструкцийн коьрта тайпанаш. Орфоэпин коьрта норманаш.

Деха а, доца а, мукъа а, мукъаза а, зевне а, къора а аьзнаш къестор. Дешан озан а, элпан а хІоттам дуьхь-дуьхьал хІоттор. Дешан озан-элпан анализ йар. Дешнаш дакъошка декъар. Дош цхьана могІанера вукху могІане сехьадаккхаран хаарш карадерзор. Нохчийн меттан интонаци а, орфоэпически норманаш а карайирзина хилар. Нохчийн меттан интонацин а, аьзнийн къепен а башхаллех кхеташ хилар.

**Дешнийн латтам а, дешнийн кхолладалар а**

Морфема меттан жима а, маьІне а дакъа хиларх кхетар. Дешан лард а, чаккхе а. Орам. Цхьанораман дешнаш. Орамерчу элпийн хийцадалар. Суффикс. Дешхьалхе.

Схьадовлаза а, схьадевлла а дешнаш. Дошкхолладаларх а, хийцадаларх а болу кхетам. Дошкхолларан а, формакхолларан а морфемаш. Нохчийн меттан дошкхолларан коьрта некъаш. Дошкхолладаларан га (пара) а, дошкхолладаларан зІе а. Морфемни а, дошкхолладаларан а дошамаш.

Нохчийн дешан хІоттаман башхаллех кхеташ хилар. Дешнаш а, дешан форманаш а кхолларехь морфемаша дечу гІуллакхах кхеташ хилар. Дешан морфемаш къастор. Дошкхолларан дакъошка хьаьжжина, дешан мехалла билгалйар. Цхьанораман дешнаш харжар, къамелехь царах пайдаэцар. Дешнийн зІенаш а, дешнаш кхолларан коьрта некъаш а билгалдар. Тайп-тайпанчу некъашца дешнаш кхолла хаар карадерзор. Нийсайаздарехь дошкхолладаларан а, морфемийн а декъехула карадирзинчу хаарех, шардарех пайдаэцар. Тайп-тайпана хьесапаш морфемийн а,

дошкхолладаларан а дошамашца кхочушдар.

Дешан хIоттамца дешнаш таллар, дошкхолладаларан таллам бар.

**Лексикологи. Фразеологи**

Дош – меттан цхьа дакъа. Дешан лексически а, грамматически а маьIна. Къоман оьздангаллин маьIнин дакъа шайца долу дешнаш. ЦхьанамаьIнин а, дукхамаьIнийн а дешнаш, дешан нийса а, тIедеана а маьIна. Синонимаш. Антонимаш. Омонимаш.

Нохчийн меттан лексика, шен схьайаларе хьаьжжина (билггала нохчийн а, тIеэцна а), жигара а, кIезиг пайдаоьцу а (историзмаш, архаизмаш, неологизмаш), цунах пайдаэцаран гуо (йукъара, шуьйра пайдаоьцу дешнаш, диалектизмаш, терминаш, профессионализмаш).

Лексикин стилистически дакъош: книжни, йукъара, къамелан.

Фразеологизмаш, церан билгалонаш а, маьIна а. Аларш, дустарш, кицанаш.

Нохчийн меттан дошамаш. Шинаметтан дошамаш.

Дахаран хьелашкахь тIекареш дIакхехьарна оьшучу барамехь лексически а, фразеологически а аларш карадерзор. ТIекаре йаран хьоле а, Iалашоне а хьаьжжина, къамелехь шайн маьIнашца вовшашца даза тарлуш долчу дешнех пайдаэцар. Дешнийн маьIнаш къасторхьама а, синонимаш, антонимаш, фразеологически цхьаьнакхетарш харжархьама а, тайп-тайпанчу дошамашца болх бар. Дош лексически къастор.

**Морфологи**

Морфологи – грамматикин дакъа. Нохчийн меттан къамелан дакъош. Коьрта къамелан дакъош. Церан грамматически маьIна а, морфологически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх а. Нохчийн меттан дожарийн къепе: маьIна, кепаш, пайдаэцар. Нохчийн меттан къамелан дакъойн хенийн, классан гайтамийн къепе: маьIна, кепаш, пайдаэцар. ГIуллакхан къамелан дакъош. Церан маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически гIуллакх. ГIуллакхан къамелан дакъойн тайпанаш: маьIна, хIоттам, синтаксически гIуллакх. Айдардешнаш а, азтардаран дешнаш а

. Нохчийн а, оьрсийн а меттанийн къамелан дакъойн йукъара долчух а, йукъара доцчух а кхетарШайн коьртачу билгалонашца тайп-тайпана къамелан дакъош довзар. Дош морфологически къастор. Нохчийн литературни меттан норманашца догIуш тайп-тайпанчу къамелан дакъойн дешнийн кепех (форманех) пайдаэцар

**11 КЛАСС**

**Синтаксис. Цхьалхе а, чолхе а предложени. Ма-дарра а, лач а къамел.**

Синтаксис – грамматикин дакъа. Нохчийн меттан синтаксисан дакъош. Дешнийн цхьаьнакхетар а, цуьнан дIахIоттам а, тайпанаш а. Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйр а, тайпанаш а (бартбар, урхалла, тIетовжар). Предложени, цуьнан дIахIоттам а, грамматически маьIна а. Аларан Iалашоне а, эшаре а хьаьжжана, предложенийн тайпанаш. Предложени кечйеш болу гIирсаш: эшар (интонаци), логически тохар, дешнийн къепе. Предложенин грамматически бух

Цхьалхе а, чолхе а предложенеш. Цхьалхе предложени. Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш а, церан хилар а. Цхьалхечу предложенийн тайпанаш:

шинахIоттаман а, цхьанахIоттаман а, йаьржина а, йаржаза а, йуьззана а, йуьззана йоцу а, чолхейаьлла а, чолхейалаза а. ЦхьанахIоттаман предложенийн тайпанаш. Чолхейаьлла предложени. Цхьанатайпанчу а, шакъаьстинчу а меженашца а, тIедерзарца а, йукъадалочу дешнашца а, йукъайалочу конструкцешца а йолу предложенеш.

Чолхе предложени, цуьнан дIахIоттам а, грамматически бух а. Чолхечу предложенийн тайпанаш: хуттургийн а, хуттургаш йоцу а, чолхе-цхьаьнакхетта а, чолхе-карара а. Чолхе-цхьаьнакхетта предложени: дIахIоттам, тайпанаш, вовшех йозаран гIирсаш а, кепаш а. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкара цхьалхечу предложенийн маьIнаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Чолхе-карара предложенеш: дIахIоттам, тайпанаш. Чолхе-карарчу предложенехь коьртачу а, тIетухучу а предложенийн уьйран гIирс. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш

Хуттургаш йоцу чолхе предложени, дIахIоттам. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкара цхьалхечу предложенийн маьIнаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Нехан къамел довзийтаран кепаш. Текст синтаксически дакъа санна. Предложенийн а, текстан дакъойн а уьйрийн гIирсаш а, кепаш а.

Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйран кеп къастор, предложенин грамматически бух билгалбар. Цхьалхечу а, чолхечу а предложенийн тайпанаш билгалдар. Предложени синтаксически къастор. Чолхе-карара предложенеш цхьалхечу а, цхьалхенаш чолхечу а предложенешка йерзор. Текст а, дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а кхолларан норманаш ларйар

Ма-дарра а, лач а къамел. Ма-дарра къамел лач къамеле дерзор. Ма-дарра къамелехь сацаран хьаьркаш. Цитаташ а, цаьргахь сацаран хьаьркаш а.

**<u>Пунктуаци. Орфографи.</u>**

Пунктуаци нийсайаздаран бакъонийн къепе санна. Пунктограммех кхетам балар. Предложенин чаккхенгахь, цхьалхечу (чолхейаьллачу а, чолхейалазчу а), чолхечу предложенешкахь, ма-дарра къамелехь, цитаташкахь, диалогехь сацаран хьаьркаш.

Пунктуационни хааршца йоьзна само кхиор. Йозанехь пунктуационни коьрта норманаш ларйар. Дош орфорграфически къастор. Пунктуационни къастор. Орфографически а, пунктуационни а хьесапаш кхочушдеш орфографически дошамех, нийсайаздаран справочникех пайдаэцар.

Орфографи дешнаш а, церан кепаш нийсайазйаран бакъонийн система санна. Орфограммех кхетам. Орамехь мукъа а, мукъаза а элпаш нийсайаздар. Ъ, Ь нийсайазйар. Дешнаш цхьаьна а, къаьстина а, дефисца а йаздар. Дош дехьадаккхар. Доккха а, жима а элпаш йаздар. Нийсайазйаран дошамаш

## КОЬРТАЧУ ЙУКЪАРЧУ ДЕШАРАН ТIЕГIАНЕХЬ «НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ КАРАЙЕРЗОРАН КХОЧУШДАН ЛОРУ ЖАМIАШ

### ЛИЧНОСТНИ ЖАМIАШ

Коьртачу йукъарчу дешаран нохчийн меттан Герггара белхан программа карайерзоран личностни жамIашка кхочу дешаран а, кхетош-кхиоран а гIуллакхийн цхьааллехь, нохчийн къоман

ламасталлин социокультурни, синъоьздангаллин махаллашца, йукъараллехь тIеэцначу низаман бакъонашца, норманашца догIуш а долуш, цул сов, жамIаша ша-шен
довзарехь, ша-шен кхетош-кхиорехь, ша-шен кхиорехь адаман чоьхьара хьелаш кхолларехь аьтто а бо.

Коьртачу йукъарчу дешаран нохчийн меттан Герггара белхан программа карайерзоран личностни жамIаша гайта деза позитивни мехаллех кхетаран къепен куьйгаллица болх бан дешархой кийча хилар, цуьнан къепен буха тIехь а, кхетош-кхиоран гIуллакхдаран коьрта некъаш кхочушдарехь а гIуллакхдаран зеделларг совдаккхар, цу йукъахь кху декъахь:

***Граждански кхетош-кхиоран*:**

гражданинан декхарш кхочушдан а, цуьнан бакъонаш тIеэца а кийча хилар, кхечу адамийн бакъонаш, маршо, бакъдолу хьашташ ларар; доьзалан, дешаран хьукматан, меттигерчу йукъараллин, виначу мехкан, пачхьалкхан дахарехь жигара дакъалацар, цу йукъахь нохчийн маттахь йазйинчу литературин произведенешкахь гайтинчу хьелашца дустарехь дакъалацар а; экстремизман, дискриминацин муьлхха а кеп тIецаэцар; адаман дахарехь тайп-тайпанчу йукъараллин институташа дечу гIуллакхах кхетар; коьртачу бакъонех, маршонах, гражданинан декхарех, йукъараллин норманех, нохчийн маттахь йазйинчу литературин произведенешкарчу
масаллийн буха тIехь кхиийнчу поликультурни йукъараллехь адамийн вовшашца йолчу йукъаметтигийн бакъонех лаьцна кхетам хилар; цхьаьна тайп-тайпана гIуллакхаш кхочушдан кийча хилар, вовшех кхета, вовшашна гIо дан гIертар; ишколан шайн урхаллехь жигара дакъалацар; гуманитарни гIуллакхдарехь дакъалаца кийча хилар.

***Патриотически кхетош-кхиоран*:**

Нохчийн Республикин пачхьалкхан матто санна нохчийн матто дечу гIуллакхах кхетар; нохчийн мотт, истори а, шен мехкан культура а йовза лаам гучубаккхар; нохчийн маттаца, шен Даймехкан кхиамашца, Iилманца, исбаьхьаллица, тIеман хьуьнаршца, халкъан къинхьегаман кхиамашца, (цу йукъахь исбаьхьаллин произведенешкахь гайтинарш а), мехала йукъаметтигаш йолуш хилар; Нохчийн Республикин символш, пачхьалкхан дезденош, исторически а, Iаламан а тIаьхьало,хIолламаш, тайп-тайпанчу къаьмнийн ламасташ ларар.

***Синъоьздангаллин кхетош-кхиоран*:**

гIиллакх-оьздангалла къасточу хьелашкахь оьздангаллин мехалла а, норманаш а йовзар; шен леларан, цу йукъахь къамел даран а, шегара даьллачун а, ткъа иштта оьздангаллин, бакъонийн

норманашка хьаьжжина, кхечу адамийн леларан а, цаьргара даьллачун а мах хадо кийча хилар, диначу хIуманан хин йолчу тIаьхьалонах кхетар тидаме а оьцуш; йукъараллехь лело ца догIу гIуллакхаш адамийн леларан норманашца а,
бакъонашца а цхьаьна ца догIу гIуллакхаш жигара тIецаэцар; шен а, йукъараллин а меттиган хьелашкахь адаман маршо а, жоьпалла а.

***Эстетически кхетош-кхиоран*:**

шен а, кхечу а халкъийн исбаьхьаллин тайп-тайпанчу кепех, ламастех, кхолларалах кхеташ хилар; исбаьхьаллин эмоцин тIеIаткъамах кхетар; зIенан а, ша-шен гайтаран а гIирсех санна исбаьхьаллин культурин мехаллех кхетар; даймехкан а, дуьненан а исбаьхьаллин мехаллех кхетар; исбаьхьаллин тайп-тайпанчу кепашкахь ша-шен гайтаре гIертар.

***Физически кхетош-кхиоран, могашаллин культура а, синхаамийн хьал а кхиоран*:**

шен дахарехь, книгаш йешарехь зеделлачунна тIе а тевжаш, дахаран мехаллех кхетар; шен могашаллина жоьпаллехь хилар а, дахаран могашчу кепана тIехьажам хилар а (аьхна кхача, гигиенин бакъонаш ларйар, дIанисйина дешаран а, садаIаран а раж; диллина физически жигаралла); тIаьхьенех кхетар, зене марздаларш (спирт малар, цигаьрка озар,
наркотикашка марзвалар), физически (а, синIаткъаман а, могашаллина зене йолу кхин тайпа кепаш тIецаэцар; кхерамзаллин бакъонаш ларйар, цу йукъахь ишколан меттан дешаран процессехь интернет-гуонехь кхерамзаллин леларан карадерзарш а; халахетарех а, хийцалуш долчу йукъараллин, хааман, Iаламан хьолех а вола хьуьнар хилар, цу йукъахь шена зеделлачух кхеташ а, кхин дIа йолу Iалашонаш хIиттош а; йемал ца беш, ша а, кхиберш а тIеэца хаар; шен а, кхиболчеран а синхаамийн хьолах кхета хаар, шегара хьал гайтархьама меттан гIирсех нийса пайдаэцар, цу йукъахь нохчийн маттахь йазйинчу литературин произведенешкарчу масалшна тIе а тевжаш; рефлексин карадерзарш кхиор, шегара а, ткъа иштта кхечу стагера а гIалат дала бакъо хилар къобалдар.

***Къинхьегаман кхетош-кхиоран*:**

технологин а, йукъараллин а хьажаман практикин хьесапаш (доьзалан, ишколан, гIалин, мехкан дозанехь) кхочушдарехь жигара дакъалаца тIехьажам хилар, цу тайпана гIуллакх дIадоло, план хIотто а, ша кхочушдан а хьуьнар хилар;

корматаллаш а, тайп-тайпана къинхьегам а практикехь Iамо дог дар, цу йукъахь Iамочу предметан хаарех пайдаэцаран а,

филологаша, журналисташа, йаздархоша бен болх бовзаран а буха тӀехь а; къинхьегаме а, къинхьегаман жамӀашка а ларам хилар; шен а, йукъараллин а хьашташ тидаме а оьцуш, кхетарца харжар, дешаран, дахаран хьесапийн шен траектори дӀахӀоттор; хиндолчух долу шен хьесапаш схьадийца хаар.

***Экологин кхетош-кхиоран*:**

гонахарчу декъехь хьесапаш кхочушдархьама йукъараллин а, Ӏаламан а Ӏилманийн декъехь долчу хаарех пайдаэцар, дечун план хӀоттор, гонахарчарна цунах хила тарлучу тӀаьхьалонан мах хадор; экологин проблемех лаьцна шена хетарг хьекъале а, нийса а схьаала хаар;

экологин культурин тӀегӀа лакхайаккхар, экологин проблемаш йаккхий хиларх а, уьш къасто некъаш лаха дезарх а кхетар; гонахарчарна зуламе долу дараш жигара тӀецаэцар, цу йукъахь экологин проблемаш ойъу литературин прозведенеш йовзарца кхиънарш а; Ӏаламна, йукъараллина, технологина йукъахь долчу хьелашкахь гражданина а, хьаштхочо а санна айхьа дан дезачух кхетар; экологин хьажаман практикин гӀуллакхдарехь дакъалаца кийча хилар.

***Ӏилманан довзаран мехаллин*:**

адаман а, Ӏаламан а, йукъараллин а кхиаран коьртачу низамех, адаман Ӏаламан а, йукъараллин а гуонаца йолчу уьйрех, меттан кхиаран низамех лаьцначу Ӏилманан кхетамийн вайн заманан къепеца гӀуллакхдарехь кхиар; меттан а, йешаран а культура, йешаран говзалла дуьне довзаран гӀирс санна карайерзор; ишколан меттан дешаран башхаллаш лоруш, лехаман гӀуллакхдаран коьрта хаарш карадерзор; зеделлачух, диначух, тидамех кхетарна тӀехьажам а, шен а, йукъарчу а хьоле кхачаран некъаш кхачаме дало гӀертар а.

***Дешархо йукъараллин а, Ӏаламан а гуонан хийцалучу хьолех воларан*:**

йукъараллин зеделларг, коьрта йукъараллин гӀуллакхаш, йукъараллехь леларан бакъонаш, норманаш, йукъарлонашкахь а, тобанашкахь а йукъараллин дахаран кепаш дешархоша карайерзор, корматаллин гӀуллакхдарца, ткъа иштта доьзал а, кхечу культурин гуонера нахаца йукъараллин зӀе хиларан гурашкахь вовшахтоьхна тобанаш а йукъа а лоцуш; билггал доцчу хьелашкахь зӀе хиларан хьашт, кхечеран хаарш а, царна зеделларг а тӀеэца кийча хилар; практически гӀуллакхдарца шена хууш долчун тӀегӀа лакхадаккхарехь билггал доцчу хьелашкахь даран хьашт хилар, цу йукъахь кхечу нахах Ӏама хаар а, цхьаьна гӀуллакхдарехь кхечарна зеделлачух девза гӀуллакхаш, карадерзарш, керла хаарш тӀеэца хаар а; объектех, хиламех лаьцна гипотезаш, цу йукъахь хьалха

бевзаш цахилларш а, кхетамаш, ойла кепе йалоран, васташ цхьаьнадалоран говзалла а, керла хаарш а кхио оьшуш хилар а; шен хаарш къен хиларх кхетар, шен кхиаран хьесап хIоттор; коьртачу кхетамех, терминех, кхиаран концепцин декъехь шена хетачух пайдаэца хаар, экономикин, йукъараллин, Iаламан вовшашцца йолу уьйр гучуйаккха а, талла а хаар, гонахарчунна Iаткъам бар, Iалашонашка кхачар, кхайкхамаш а, хила тарлун йаккхий тIаьхьалонаш а эшор тидаме а оьцуш, ша дечун мах хадо хаар;

книгаш йешарехь, къамел дарехь, дахарехь зеделлачунна тIе а тевжаш, Iаткъамечу хьолах кхета, хуьлучу хийцамийн, церан тIаьхьалонийн мах хадо; Iаткъамечу хьолан мах хадо, тIеэцна сацамаш, дараш нисдан; кхераман, тIаьхьалонан мах хадо а, кепе йало а, зеделларг кхио, хIоьттинчу хьолехь диканиг лаха хаа; кхиаман гаранти йоцуш, гIуллакх дан кийча хила хьуьнар хилар.

## МЕТАПРЕДМЕТНИ ЖАМIАШ

### 1. Дешаран универсальни довзаран дараш карадерзор

***Коьрта маьIнин дараш*:**

меттан дакъойн, меттан хиламийн, процессийн ладаме билгалонаш гучуйаха а, билгалйаха а;

меттан дакъош (хиламаш) тайпанашка дIасадекъаран ладаме билгало, жамIдарна а, дустарна а бахьанаш, кхочушйечу анализан критереш къасто; ладамечу билгалоне хьаьжжина, меттан дакъош тайпанашка дIасадекъа;

низаме хьаьжжина дерг а, цхьаьнацадогIург а къасточу факташкахь, хаамашкахь, тидамашкахь гучудаккха; низаме хьаьжжина дерг а, цхьаьнацадогIург а гучудаккхаран критереш йала;

хIоттийна дешаран декхар кхочушдарна оьшучу текстан хааман къоьлла гучуйаккха;

меттан процессаш Iаморехь бахьанин-тIаьхьалонан уьйраш гучуйаха; дедукцин а, индукцин а ойланаш сацарх, тера йогIу ойланаш сацарх пайдаэцарца жамIаш дан; уьйрех лаьцна гипотезаш кепе йало;

текстийн тайп-тайпанчу кепашца, меттан тайп-тайпанчу дакъошца болх барехь дешаран хьесап кхочушдаран кеп шен лаамехь харжа, кхочушдаран варианташ йустуш а, гIолехь вариант хоржуш а, ша билгалйина критереш тидаме оьцуш а.

***Коьрта лехаман дараш*:**

хаттарех пайдаэца мотт Iаморехь хааран лехаман гIирсах санна;

хьолан бакъ долчун а, лууш долчун а йукъара цхьаьнацадогIург гойту хаттарш кепе дало а, долуш дерг а, лоьхуш дерг а шен лаамехь дIахIотто а;

шена хетарг а, кхечарна хетарг а бакъ хиларх лаьцна гипотеза кхолла, шена хетарг а, ойла а тIечIагIйан;

дарийн алгоритм хIотто, дешаран хьесап кхочушдарехь цунах пайдаэца;

меттан дакъойн, процессийн, бахьанин-тIаьхьалонан уьйрийн, объектийн вовшашца йозуш хиларан башхаллаш дIахIитторехь ша хIоттийнчу планаца жима таллам бан;

лингвистически таллам (эксперимент) барехь схьаэцначу хааман мегаш хиларан а, бакъхиларан а мах хадо; биначу тидаме, талламе хьаьжжина, жамIаш ша кепе дало; схьаэцна жамIаш бакъхиларан мах хадоран гIирсаш караберзо;

процессийн, хиламийн кхин дIа хила тарлуш долу кхиар а, тера догIучу хьелашкахь церан тIаьхалонаш а билгалйаха, ткъа иштта керлачу хьелашкахь а, контексташкахь а церан кхиарах лаьцна шайна хетарг ала.

***Хаамца болх бар*:**

деллачу дешаран хьесапе а, йалийнчу критерешка а хьаьжжина, хаамаш лахарехь а, схьакъасторехь а тайп-тайпанчу кепех, гIирсех, жоп дехарх пайдаэца;

тексташкахь, таблицашкахь, схемашкахь белла хаам схьакъасто, талла, къепе бало, хааман кхетам бала, цуьнан жамI дан;

чулацамехь болу хаам бакъ хиларе а, мегаш хиларе а хьаьжжина, текстан мах хадорхьама а, дешаран хьесапаш кхочушдаран Iалашонца оьшучу хаамах кхетархьама а ладогIаран а, йешаран а тайп-тайпанчу кепех пайдаэца;

хIиттийнчу Iалашонашка хьаьжжина, цхьана йа масех хьостанера хаамаш схьаэцархьама, жамIдархьама, къепе балорхьама маьIнин йешарх пайдаэца;

тайп-тайпанчу хаамийн хьостанашкара тера догIу тIечIагIдарш каро (цхьа ойла, верси бакъйеш йа харцйеш йолу);

хаам луш йолу уггар гIолехь кеп (текст, презентаци, таблица, схема) ша схьахаржа а, кхочушден хьесапаш, коммуникативни хIоттаме хьаьжжина, чолхе йоцчу схемашца, диаграммашца, кхечу графикица, церан вовшех йозуш хиларца гайта а;

хьехархочо йеллачу йа ша хIоттийнчу критерешца хааман тешаме хиларан мах хадор;

хаамаш къепе бало а, эвсараллица дагахь латто а.

**2. Дешаран универсальни коммуникативни даращ карадерзор**

***ТIекаре*:**

тIекаренан хьелашка, Iалашонашка хьаьжжина, хетарг кхолла а, цунах кхета а, эмоцеш гайта; диалогашкахь а, дискуссешкахь а, барта монологически къамелехь а, йозанан тексташкахь а ша (шена хетарг) гайта;

тӀекаренан ишарш йаран (дешнашца боцу) гӀирсаш бовза, йукъараллин хьаьркийн маьӀнех кхета;

къовсаме хьелаш кхолладаларан бахьанаш довза, къовсамаш малбан, дагадовла;

кхечеран дагахь долчух кхета, къамелхочуьнца лараме хила, хьайн дуьхьалонаш оьздачу кепе йерзо;

диалог/дискусси дӀайахьарехь йийцаре йиллинчу темица догӀу хаттарш дала а, хьесап кхочушдарна а, дика лаарца йолчу тӀекаренна тӀетарна а тӀехьажийна йолу ойланаш ала а;

шена хетарг диалоган кхечу декъашхошна хетачунна дуьхьалхӀотто, башхаллаш а, позицийн тера хилар а гучудаккха;

йиначу меттан анализан, кхочушйинчу лингвистически экспериментан, талларан, проектан жамӀаш нахана гуш-хезаш довзийта;

презентацин Ӏалашо а, аудиторин башхаллаш а лоруш, къамел даран барам ша харжа, цуьнга хьаьжжина, иллюстрацин материалах пайдаэцарца барта а, йозанан а текстaш хӀитто.

***Цхьаьна гӀуллакхдар*:**

билггал йолу проблема кхочушйарехь тобанца а, ша а бен болх гӀолехь хиларх кхета а, цунах пайдаэца а, йуьхьарлаьцна Ӏалашо кхочушйарехь вовшашца зӀе хиларан тобанан кепех пайдаэцар оьшуш хилар билгалдаккха;

цхьаьна гӀуллакхдаран Ӏалашо йуьхьарлаца, цу Ӏалашоне кхача цхьаьна дараш хӀитто: гӀуллакх дӀасадекъа, барт бан, цхьаьна бечу белхан процесс а, жамӀ а дийцаре дан; масех адамна хетачун жамӀ дан, куьйгалла дан, тӀедиллар кхочушдан, муьтӀахь хила кийча хилар гучудаккха;

цхьаьна бен болх вовшахтохаран план хӀотто, шен гӀуллакх къасто (вовшашца зӀе хиларан массо а декъашхочунна бакъахьа хетарг а, церан таронаш а лоруш), тобанан декъашхошна йукъахь хьесапаш дӀасадекъа, белхан тобанийн кепашкахь дакъалаца (дийцаре диллар, вовшех дагавалар, «хьен штурм», кхийерш а);

белхан шен дакъа кхочушдан, оцу декъехь лакхарчу жамӀашка кхача, тобанан кхечу декъашхойн дарашца шен дарийн уьйр хилийта;

йукъарчу балха тӀехь ша дакъалацаран эвсараллин мах хадо вовшашца зӀе хиларан декъашхоша шаьш хӀиттийнчу критерешца; жамӀаш йуьхьанцарчу хьесапца а, тобанан хӀора декъашхочун цу жамӀашка кхачоран гӀуллакхца а дуста, жоьпаллин гуо дӀасабекъа а, тобанна хьалха отчет йала кийча хила а.

## 3. Дешаран универсальни регулятивни дараш карадерзор

***Ша-шен вовшахтохар*:**

дешаран а, дахаран а хьелашкахь кхочушйен проблемаш гучуйаха;

сацам баран тайп-тайпана некъаш довза (ша цхьамма, тобанехь сацам бар, тобано сацам бар);

хьесап кхочушдаран алгоритм (йа цуьнан дакъа) ша хIотто, болчу гIирсашка а, шен таронашка а хьаьжжина, дешаран хьесап кхочушдаран кеп къасто, сацаман йелла вариантaш тIечIагIйан;

дарийн план ша хIотто, иза кхочушйарехь оьшу нисдарш йукъадало;

шена хетарг къасто а, шен сацамах жоьпалла тIеэца а.

***Ша-шен таллар*:**

ша-шен талларан (цу йукъахь къамелан а), ша-шен догдаийтаран, рефлексин тайп-тайпана кепаш карайерзо;

дешаран хьолан нийса мах хадо а, иза хийцаран план йало а;

дешаран хьесап кхочушдарехь хила тарлуш йолу халонаш ган а, хийцалучу хьелашна адаптаци йан а;

гIуллакхдаран жамIашка кхачаран (цакхачаран) бахьанех кхето; коммуникативни аьтто цахиларан бахьанех кхета а, уьш ца хилийта хаа а, карадерзийнчу къамелан зеделлачун мах хадо, тIекаренан Iалашонашка а, хьелашка а хьаьжжина, шен къамел нисдан а; тIекаренан Iалашонан а, хьелийн а жамI цхьаьнадаран мах хадо.

***Синхаамийн интеллект*:**

шен а, кхечеран а синхаамаш тIехь урхалла даран хьуьнар кхио;

синхаамаш хиларан бахьанаш гучудаха а, талла а; кхечу стеган дагахь долчух а, цуьнан бахьанех а кхета, къамелан хьал а толлуш; шен синхаамаш гайтаран кеп нисйан.

***Ша а, кхиберш а тIеэцар*:**

кхечу стагах а, цунна хетачух а кхеташ хила; ша а, кхиверг а гIалатвала бакъо йолуш хиларх кхета;

ша а, кхиберш а, йемал ца беш, тIеэцар; цIеначу дагара хила;

гонахарчу дерригенна а Iуналла дан йиш цахиларх кхета.

## ПРЕДМЕТАН ЖАМIАШ

**10 КЛАСС**

**Нохчийн маттах болу йукъара хаамаш**

Нохчийн мотт – иза нохчийн къоман а, Нохчийн Республикин пачхьалкхан а мотт а, къоман историн, культурин бух а бу. Цуьнца доьзна ду къоман кхиар а.

Ненан меттан метапредметни декхарша билгалбоккху берана, цо школехь доьшучу хенахь, иза личность санна, кхиорехь массо тайпана а, йукъарчу амалехь а бен тIеIаткъам. Мотт дешархочун ойла, кхетам, суртхIотторан, кхоллараллин хьуьнарш кхиоран; личность санна, ша-шен вовзийтаран, ша-шена керла хаарш карадерзоран хьуьнарш кхиоран а бух бу, дешаран гIуллакх а

цхьаьна вовшахтохар йукъа а лоцуш. Ненан мотт къоман культурин, литературин, синъоьздангаллин механлашка а, адаман оьздангаллин, историн зеделлачуьнга а кхачоран гIирс а, дахарехь дIалоцу меттиг къасторан некъ а бу. Нохчийн мотт караберзоро таро лур йу дешархошна вовшашца йукъаметтигаш дIакхехьа, боккхачу кхиамца кхидолу меттанаш а, дешаран предметаш а Iаморехь онда гIортор хилла дIахIотта а, хийцалучу хIокху дахарехь шен меттиг каро а.

ХIума довзаран гIирс ша хиларе терра, матто ойла кхиайарна а, интеллектуальни а, кхолларaллин хьуьнарш кхиорна а, шаьш кхочущдечу дешаран гIуллакхийн шардарш карадерзорна а, шен хаарш лакхадахарна а, ша-шен вовзийтарна а тIехь аьтто бо.

Шен къоман оьздангалла а, литература а, синъоьздангаллин механлаш а, дуьненан Iилма а, культура а йовзарехь механа гIирс а бу нохчийн мотт.

**Фонетика. Графика. Орфоэпи**

Фонетика а, графика а, орфоэпи а лингвистикин дакъош санна. Аз – меттан уггар а жима дакъа. Озан а, элпан а дазар. ХIинцалера нохчийн абат. Фонетически транскрипцин цхьайолу кепаш (элементаш). Мукъа а, мукъаза а аьзнаш. Къамелдарехь аьзнийн хийцадалар. Нохчийн меттан шатайпана аьзнаш. Деха а, доца а мукъа аьзнаш. Дифтонгаш. Нохчийн меттан интонаци, интонационни конструкцийн коьрта тайпанаш. Орфоэпин коьрта норманаш.

Деха а, доца а, мукъа а, мукъаза а, зевне а, къора а аьзнаш къестор. Дешан озан а, элпан а хIоттам дуьхь-дуьхьал хIоттор. Дешан озан-элпан анализ йар. Дешнаш дакъошка декъар. Дош цхьана могIанера вукху могIане сехьадаккхаран хаарш карадерзор. Нохчийн меттан интонаци а, орфоэпически норманаш а карайирзина хилар. Нохчийн меттан интонацин а, аьзнийн къепен а башхаллех кхеташ хилар.

**Дешнийн латтам а, дешнийн кхолладалар а.**

Дашехь морфемаш йовза (орам, дешхьалхе, суффикс, чаккхе), дешан лард схьакъасто.

Цхьанaораман (гергара) дешнаш харжа а, къасто а. Дешнийн кхолладаларехь а, хийцадаларехь а морфемашкахь хийцалуш долу аьзнаш каро.

Схьадевлла а, схьадовлаза а долчу дешнийн лардаш къасто. Дошкхолладаларан коьрта кепаш, дешнийн кхолладаларан зIенаш къасто. Дешхьалхенан а, суффиксан а гIоьнца а, ткъа иштта лардаш вовшахкхетарца а дешнаш кхолла.

Дешнийн морфемни анализ йан.Чолхе дацдина дешнаш нийса дIаала а, царах нийса
пайдаэца а.

**Лексикологи. Фразеологи**

Дош – меттан цхьа дакъа санна. Дешан лексически а, грамматически а маьIна довза. Къоман оьздангаллин маьIнин дакъа шайца долу дешнаш схьакъасто. ЦхьанамаьIнин а, дукхамаьIнийн а дешнаш, дешан нийса а, тIедеана а маьIнаш къасто. Синонимаш, антонимаш, омонимаш къасто.

Нохчийн меттан лексика, шен схьайаларе хьаьжжина (билггала нохчийн а, тIеэцна а), жигара а, кIезиг пайдаоьцу а (историзмаш, архаизмаш, неологизмаш), цунах пайдаэцаран гуо (йукъара, шуьйра пайдаоьцу дешнаш, диалектизмаш, терминаш, профессионализмаш).
Лексикин стилистически дакъош довза: книжни, йукъара, къамелан.
Фразеологизмаш, церан билгалонаш а, маьIна а хаа. Аларш, дустарш, кицанаш довза.
Нохчийн меттан дошамаш йовза. Шинаметтан дошамах пайда эца.

Дахаран хьелашкахь тIекареш дIакхехьарна оьшучу барамехь лексически а, фразеологически а аларш карадерзор. ТIекаре йаран хьоле а, Iалашоне а хьаьжжина, къамелехь шайн маьIнашца вовшашца даза тарлуш долчу дешнех пайдаэцар. Дешнийн маьIнаш къасторхьама а, синонимаш, антонимаш, фразеологически цхьаьнакхетарш харжархьама а, тайп-тайпанчу дошамашца болх бар. Дош лексически къастор.

## Морфологи

Морфологи – грамматикин дакъа. Нохчийн меттан къамелан дакъош. Коьрта къамелан дакъош. Церан грамматически маьIна а, морфологически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх а. Нохчийн меттан дожарийн къепе: маьIна, кепаш, пайдаэцар. Нохчийн меттан къамелан дакъойн хенийн, классан гайтамийн къепе: маьIна, кепаш, пайдаэцар. ГIуллакхан къамелан дакъош. Церан маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически гIуллакх. ГIуллакхан къамелан дакъойн тайпанаш: маьIна, хIоттам, синтаксически гIуллакх. Айдардешнаш а, азтардаран дешнаш а.

Шайн коьртачу билгалонашца тайп-тайпана къамелан дакъош довзар. Дош морфологически къастор. Нохчийн литературни меттан норманашца догIуш тайп-тайпанчу къамелан дакъойн дешнийн кепех (форманех) пайдаэцар. Нохчийн а, оьрсийн а меттанийн къамелан дакъойн йукъара долчух а, йукъара доцчух а кхетар.

Морфема меттан жима а, маьIне а дакъа хиларх кхетар. Дешан лард а, чаккхе а. Орам. Цхьанаораман дешнаш. Орамерчу элпийн хийцадалар. Суффикс. Дешхьалхе.
Схьадовлаза а, схьадевлла а дешнаш. Дошкхолладаларх а, хийцадаларх а болу кхетам. Дошкхолларан а, формакхолларан а морфемаш. Нохчийн меттан дошкхолларан коьрта некъаш. Дошкхолладаларан га (пара) а, дошкхолладаларан зIе а. Морфемни а, дошкхолладаларан а дошамаш.

Нохчийн дешан хIоттаман башхаллех кхеташ хилар. Дешнаш а, дешан форманаш а кхолларехь морфемаша дечу гIуллакхах кхеташ хилар. Дешан морфемаш къастор. Дошкхолларан дакъошка хьаьжжина, дешан мехалла билгалйар. Цхьанаораман дешнаш харжар, къамелехь царах пайдаэцар. Дешнийн зIенаш а, дешнаш кхолларан коьрта некъаш а билгалдар. Тайп-тайпанчу некъашца дешнаш кхолла хаар карадерзор. Нийсайаздарехь дошкхолладаларан а, морфемийн а декъехула карадирзинчу хаарех, шардарех пайдаэцар. Тайп-тайпана хьесапаш морфемийн а, дошкхолладаларан а дошамашца кхочушдар.

Дешан хIоттамца дешнаш таллар, дошкхолладаларан таллам бар.

## 11 КЛАСС

**Синтаксис, пуктуаци, цхьалхе предложенеш.**

Синтаксис – грамматикин дакъа хилар билгалдаккхар. Дешнийн цхьаьнакхетар а, цуьнан дІахІоттам а, тайпанаш а довзар. Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйр а, тайпанаш а (бартбар, урхалла, тІетовжар) хууш хилар. Предложени, цуьнан дІахІоттам а, грамматически маьІна а къасто хаар. Аларан Іалашоне а, эшаре а хьаьжжана, предложенийн тайпанашка йекъа хаар. Предложени кечйеш болу гІирсаш: эшарх (интонаци), логически тохарх, дешнийн къепех пайда эца хаар. Предложенин грамматически бух билгалбаккха хаар.

Цхьалхе а, чолхе а предложенеш вовшах къастор. Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш а, церан билгалонаш йовзар. Цхьалхечу предложенийн тайпанаш: шинахІоттаман а, цхьанахІоттаман а, йаьржина а, йаржаза а, йуьззана а, йуьззана йоцу а, чолхейаьлла а, чолхейалаза а хилар хаар. ЦхьанахІоттаман предложенийн тайпанаш довзар. Чолхейаьлла предложени чолхечу предложених къасто хаар. Цхьанатайпанчу а, шакъаьстинчу а меженашца а, тІедерзарца а, йукъадалочу дешнашца а, йукъайалочу конструкцешца а йолу предложенеш вовшахкъасто хаар.

Чолхечу предложенин дакъошна йукъа синтаксически уьйр тосу коьрта гІирсаш гучубаха.

Тайп-тайпанчу уьйрашца йолу чолхе предложенеш, хуттургаш йоцу а, хуттургаш йолу а (чолхе-цхьаьнакхетта, чолхе-карара) предложенеш йовза.

Къамелехь чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенех пайдаэцаран башхаллех кхета.

Чолхе-цхьаьнакхетта предложени хІотторан коьртачу норманех кхета.

Чолхе-цхьаьнакхетта предложени а, цхьанатайпанчу меженашца йолу цхьалхе предложени а грамматически тера йогІуш хиларх кхета; къамелехь йогІуш йолчу конструкцех пайдаэца.

Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешна синтаксически а, пунктуационни анализ йан.

Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хІитторан норманех пайдаэца.

Чолхе-карара предложенеш а, шакъаьстинчу меженашца йолу цхьалхе предложенеш а грамматически тера йогІуш хиларх кхета; къамелехь йогІуш йолчу конструкцех пайдаэца.

Чолхе-карарчу предложенех цхьалхе предложенеш йан а, цхьалхечу предложенех чолхе предложенеш йан а, маьІна а ца хуьйцуш.

Чолхе-карара предложени хІотторан коьртачу норманех а, къамелехь чолхе-карарчу предложенех пайдаэцаран башхаллех а кхета.

Чолхе-карарчу предложенешна синтаксически а, пунктуационни а анализ йан.

Чолхе-карара предложенеш хІитторан а, цу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хІитторан а норманех пайдаэца.

Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенийн тайпанаш къасто. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенех къамелехь нийса пайдаэца.

Хуттургаш йоцу чолхе предложени хІотторан коьртачу грамматически норманех а, къамелехь хуттургаш йоцчу чолхечу предложенех пайдаэцаран башхаллех а кхета.

Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешна синтаксически а, пунктуационни анализ йан.

**Пунктуаци. Орфографи.**

Пунктуаци нийсайаздаран бакъонийн къепе санна йовзар. Пунктограммех кхетам балар хаар. Предложенин чаккхенгахь, цхьалхечу (чолхейаьллачу а, чолхейалазчу а), чолхечу предложенешкахь, ма-дарра къамелехь, цитаташкахь, диалогехь сацаран хьаьркаш х1итто хаар.

Пунктуационни хааршца йоьзна само кхиор. Йозанехь пунктуационни коьрта норманаш ларйар. Дош орфорграфически къастор. Пунктуационни къастор. Орфографически а, пунктуационни а хьесапаш кхочушдеш орфографически дошамех, нийсайаздаран справочникех пайдаэцар.

## НОХЧИЙН МЕТТАН ТЕМАТИКИН ПЛАНИРОВАНИ

## 10 КЛАСС

| № п/п | Программин дакъойн а, темийн а цIераш | Сахьтийн барам | | | Электронни дешаран ресурс. |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Декъан сахьташ | Талламан белхаш | Кхоллараллин белхаш | |
| | **Дакъа 1. Нохчийн маттах болу йукъара хаамаш** | | | | |
| 1.1 | Нохчийн мотт – Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт. Нохчийн мотт – нохчийн къоман мотт. Мотт – адамийн уьйран а, кхиаран а, къийсаман а гIирс | 1 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| 1.2 | Меттан мехаллех а, йукъараллин дахарехь цо дIалоцучу меттигах а кхеташ хилар | 1 | 1 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| **Дерриг:** | | **2** | **1** | **0** | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | **Дакъа 2. Фонетика. Графика. Орфоэпи** | | | | |
| 2.1 | Фонетика а, графика а, орфоэпи а лингвистикин дакъош санна. Аз – меттан уггар а жима дакъа. Озан а, элпан а дазар. ХIинцалера нохчийн абат. Фонетически транскрипцин цхьайолу кепаш (элементаш). Мукъа а, мукъаза а аьзнаш. Къамелдарехь аьзнийн хийцадалар. Нохчийн меттан шатайпана аьзнаш. Деха а, доца а мукъа аьзнаш. Дифтонгаш. Нохчийн меттан интонаци, интонационни конструкцийн коьрта тайпанаш. Орфоэпин коьрта норманаш | 2 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| 2.2 | Деха а, доца а, мукъа а, мукъаза а, зевне а, къора а аьзнаш къестор. Дешан озан а, элпан а хIоттам дуьхь-дуьхьал хIоттор. Дешан озан-элпан анализ йар. Дешнаш дакъошка декъар. Дош цхьана могIанера вукху могIане сехьадаккхаран хаарш карадерзор. Нохчийн меттан интонаци а, орфоэпически норманаш а карайирзина хилар. Нохчийн меттан интонацин а, аьзнийн къепен а башхаллех кхеташ хилар | 1 | 1 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| **Дерриг:** | | **3** | **1** | **0** | |
| | **Дакъа 3. Дешнийн латтам а, дешнийн кхолладалар а** | | | | |
| 3.1 | Морфема меттан жима а, маьIне а дакъа хиларх кхетар. Дешан лард а, чаккхе а. Орам. Цхьанаораман дешнаш. Орамерчу элпийн хийцадалар. Суффикс. Дешхьалхе. Схьадовлаза а, схьадевлла а дешнаш. Дошкхолладаларх а, хийцадаларх а болу кхетам. Дошкхолларан а, формакхолларан а морфемаш. Нохчийн меттан дошкхолларан коьрта некъаш. | 1 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Дошкхолладаларан га (пара) а, дошкхолладаларан зIе а. Морфемни а, дошкхолладаларан а дошамаш. | | | | |
| 3.2 | Нохчийн дешан хIоттаман башхаллех кхеташ хилар. Дешнаш а, дешан форманаш а кхолларехь морфемаша дечу гIуллакхах кхеташ хилар. Дешан морфемаш къастор. Дошкхолларан дакъошка хьаьжжина, дешан мехалла билгалйар. Цхьанаораман дешнаш харжар, къамелехь царах пайдаэцар. Дешнийн зIенаш а, дешнаш кхолларан коьрта некъаш а билгалдар. Тайп-тайпанчу некъашца дешнаш кхолла хаар карадерзор. Нийсайаздарехь дошкхолладаларан а, морфемийн а декъехула карадирзинчу хаарех, шардарех пайдаэцар. Тайп-тайпана хьесапаш морфемийн а, дошкхолладаларан а дошамашца кхочушдар. Дешан хIоттамца дешнаш таллар, дошкхолладаларан таллам бар | 1 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| **Дерриг:** | | **2** | **0** | **0** | |
| | **Дакъа 4. Лексикологи. Фразеологи** | | | | |
| 4.1 | Дош – меттан цхьа дакъа. Дешан лексически а, грамматически а маьIна. Къоман оьздангаллин маьIнин дакъа шайца долу дешнаш. ЦхьанамаьIнин а, дукхамаьIнийн а дешнаш, дешан нийса а, тIедеана а маьIна. Синонимаш. Антонимаш. Омонимаш.<br>Нохчийн меттан лексика, шен схьайаларе хьаьжжина (билггала нохчийн а, тIеэцна а), жигара а, кIезиг пайдаоьцу а (историзмаш, архаизмаш, неологизмаш), цунах пайдаэцаран гуо (йукъара, шуьйра пайдаоьцу дешнаш, диалектизмаш, терминаш, профессионализмаш).<br>Лексикин стилистически дакъош: книжни, йукъара, къамелан. | 6 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Фразеологизмаш, церан билгалонаш а, маьIна а. Аларш, дустарш, кицанаш.<br>Нохчийн меттан дошамаш. Шинаметтан дошамаш | | | | |
| 4.2 | Дахаран хьелашкахь тIекареш дIакхехьарна оьшучу барамехь лексически а, фразеологически а аларш карадерзор. ТIекаре йаран хьоле а, Iалашоне а хьаьжжина, къамелехь шайн маьIнашца вовшашца даза тарлуш долчу дешнех пайдаэцар. Дешнийн маьIнаш къасторхьама а, синонимаш, антонимаш, фразеологически цхьаьнакхетарш харжархьама а, тайп-тайпанчу дошамашца болх бар. Дош лексически къастор | 2 | 0 | 1 | www. desharkho.ru<br>ps95.ru/dikdosham/<br>www. urok95/ru. |
| **Дерриг:** | | **8** | **0** | **1** | |
| | **Дакъа 5. Морфологи** | | | | |
| 5.1 | Морфологи – грамматикин дакъа. Нохчийн меттан къамелан дакъош. Коьрта къамелан дакъош. Церан грамматически маьIна а, морфологически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх а. Нохчийн меттан дожарийн къепе: маьIна, кепаш, пайдаэцар. Нохчийн меттан къамелан дакъойн хенийн, классан гайтамийн къепе: маьIна, кепаш, пайдаэцар. ГIуллакхан къамелан дакъош. Церан маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически гIуллакх. ГIуллакхан къамелан дакъойн тайпанаш: маьIна, хIоттам, синтаксически гIуллакх. Айдардешнаш а, азтардаран дешнаш а | 11 | 0 | 1 | www. desharkho.ru<br>ps95.ru/dikdosham/<br>www. urok95/ru. |
| 5.2 | Шайн коьртачу билгалонашца тайп-тайпана къамелан дакъош довзар. Дош морфологически къастор. Нохчийн литературни меттан норманашца догIуш тайп-тайпанчу къамелан дакъойн дешнийн кепех (форманех) пайдаэцар. Нохчийн а, оьрсийн а | 2 | 1 | 0 | www. desharkho.ru<br>ps95.ru/dikdosham/ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | меттанийн къамелан дакъойн йукъара долчух а, йукъара доцчух а кхетар | | | | www. urok95/ru. |
| **Дерриг:** | | **13** | **1** | **1** | |
| | **Дакъа 6. Іамийнарг карладаккхар** | | | | |
| 6.1 | Іамийнарг карладаккхар | 1 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| **Дерриг:** | | **1** | **0** | **0** | |
| | **Дакъа 7. ЖамІдаран таллар** | | | | |
| 7.1 | Сочинени | 1 | | | |
| 7.2 | Изложени | 1 | | | |
| 7.3 | Талламан белхаш | 3 | | | |
| **Дерриг:** | | **5** | | | |
| **Программин сахьтийн барам** | | **34** | | | |

**НОХЧИЙН МЕТТАН ТЕМАТИКИН ПЛАНИРОВАНИ**

**11 КЛАСС**

| № п/п | Программин дакъойн а, темийн а цIераш | Сахьтийн барам | | | Электронни дешаран ресурс. |
|---|---|---|---|---|---|
| | | **Декъан сахьташ** | **Талламан белхаш** | **Кхоллараллин белхаш** | |
| | **Дакъа 1. Синтаксис. Цхьалхе а, чолхе а предложени. Ма-дарра, лач а къамел** | | | | |
| 1.1 | 1. Синтаксис – грамматикин дакъа. Нохчийн меттан синтаксисан дакъош. Дешнийн цхьаьнакхетар а, цуьнан дIахIоттам а, тайпанаш а. Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйр а, тайпанаш а (бартбар, урхалла, тIетовжар). Предложени, цуьнан дIахIоттам а, грамматически маьIна а. Аларан Iалашоне а, эшаре а хьаьжжана, предложенийн тайпанаш. Предложени кечйеш болу гIирсаш: эшар (интонаци), логически тохар, дешнийн къепе. Предложенин грамматически бух | 5 | 1 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1.2 | Цхьалхе а, чолхе а предложенеш. Цхьалхе предложени. Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш а, церан хилар а. Цхьалхечу предложенийн тайпанаш: шинахIоттаман а, цхьанахIоттаман а, йаьржина а, йаржаза а, йуьззана а, йуьззана йоцу а, чолхейаьлла а, чолхейалаза а. ЦхьанахIоттаман предложенийн тайпанаш. Чолхейаьлла предложени. Цхьанатайпанчу а, шакъаьстинчу а меженашца а, тIедерзарца а, йукъадалочу дешнашца а, йукъайалочу конструкцешца а йолу предложенеш. | 5 | 0 | 1 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| 1.3 | Чолхе предложени, цуьнан дIахIоттам а, грамматически бух а. Чолхечу предложенийн тайпанаш: хуттургийн а, хуттургаш йоцу а, чолхе-цхьаьнакхетта а, чолхе-карара а. Чолхе-цхьаьнакхетта предложени: дIахIоттам, тайпанаш, вовшех йозаран гIирсаш а, кепаш а. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкара цхьалхечу предложенийн маьIнаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Чолхе-карара предложенеш: дIахIоттам, тайпанаш. Чолхе-карарчу предложенехь коьртачу а, тIетухучу а предложенийн уьйран гIирс. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш | 5 | 1 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| 1.4 | Хуттургаш йоцу чолхе предложени, дIахIоттам. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкара цхьалхечу предложенийн маьIнаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Нехан къамел довзийтаран кепаш. Текст синтаксически дакъа санна. Предложенийн а, текстан дакъойн а уьйрийн гIирсаш а, кепаш а. Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйран кеп къастор, предложенин грамматически бух билгалбар. Цхьалхечу а, чолхечу а предложенийн тайпанаш билгалдар. Предложени синтаксически къастор. Чолхе-карара предложенеш цхьалхечу | 5 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | а, цхьалхенаш чолхечу а предложенешка йерзор. Текст а, дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а кхолларан норманаш ларйар | | | | |
| 1.5 | Ма-дарра а, лач а къамел. Ма-дарра къамел лач  къамеле дерзор. Ма-дарра къамелехь сацаран хьаьркаш. Цитаташ а, цаьргахь сацаран хьаьркаш а | 2 | 0 | 1 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| **Дерриг:** | | **22** | **2** | **2** | |
| | **Дакъа 2. Пунктуаци. Орфографи.** | | | | |
| 2.1. | Пунктуаци нийсайаздаран бакъонийн къепе санна. Пунктограммех кхетам балар. Предложенин чаккхенгахь, цхьалхечу (чолхейаьллачу а, чолхейалазчу а), чолхечу предложенешкахь, ма-дарра къамелехь, цитаташкахь, диалогехь сацаран хьаьркаш. Пунктуационни хааршца йоьзна само кхиор. Йозанехь пунктуационни  коьрта норманаш ларйар. Дош орфорграфически къастор. Пунктуационни къастор. Орфографически а, пунктуационни а хьесапаш кхочушдеш орфографически дошамех, нийсайаздаран справочникех пайдаэцар. | 3 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| 2.2 | Орфографи дешнаш а, церан кепаш нийсайазйаран бакъонийн система санна. Орфограммех кхетам. Орамехь мукъа а, мукъаза а элпаш нийсайаздар. **Ъ, Ь** нийсайазйар. Дешнаш цхьаьна а, къаьстина а, дефисца а йаздар. Дош дехьадаккхар. Доккха а, жима а элпаш йаздар. Нийсайазйаран дошамаш | 2 | 1 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| **Дерриг:** | | **5** | **1** | **0** | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | **Дакъа 3. Іамийнарг карладаккхар** | | | | |
| 3.1. | Іамийнарг карладаккхар | 1 | 0 | 0 | www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru. |
| **Дерриг:** | | **1** | **0** | **0** | |
| | **Дакъа 4. ЖамІдаран таллар** | | | | |
| 4.1 | Сочинени | 1 | | | |
| 4.2 | Изложени | 1 | | | |
| 4.3 | Талламан белхаш | 3 | | | |
| **Дерриг:** | | **5** | | | |
| **Программин сахьтийн барам** | | **33** | | | |

**НОХЧИЙН МЕТТАН ПОУРОЧНИ ПЛАНИРОВАНИ**

**10 класс**

| № п/п | Урокан тема | Сахьтийн барам | | | Терахь | Электронни дешаран ресурс |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Сахьт | Талла-ман белхаш | Кхолла-раллин белхаш | | |
| | **Нохчийн маттах болу йукъара хаамаш. (2 с .+ 1 с.)** | | | | | |
| 1 | Мотт, цуьнан коьрта билгалонаш, маьIна. Нохчийн мотт, цуьнан маьIна а | 1 | 0 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| 2 | Нохчийн мотт а, цуьнан исбаьхьалла а | 1 | 0 | 0 | | www. urok95/ru. |
| 3 | Талламан болх | 1 | 1 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| | **Лексикологи. Фразеологи (8 с. + 1 с.)** | | | | | |
| 4 | Нохчийн меттан дешнийн хазна | 1 | 0 | 0 | | www. urok95/ru. |
| 5 | Синонимаш | 1 | 0 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| 6 | Омонимаш. Антонимаш | 1 | 0 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| 7 | Архаизмаш, историзмаш, неологизмаш | 1 | 0 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| *8* | Нохчийн меттан а, тIеэцна а дешнаш | 1 | 0 | 0 | | www. urok95/ru. |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 9 | Литературин меттан лексикин тайпанаш. Литературин мотт а, диалекташ а | 1 | 0 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| 10 | Изложени | 1 | 0 | 1 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| 11 | Нохчийн меттан паргIат а, чIагIделла а дешнийн цхьаьнакхетарш (фразеологизмаш) | 1 | 0 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| 12 | Нохчийн меттан дошамаш. Дешнийн маьIна | 1 | 0 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| | **Фонетика. Графика. Орфоэпи (3 с. + 1 с.)** | | | | | |
| 13 | Мукъа элпаш а, мукъа аьзнаш а | 1 | 0 | 0 | | www. urok95/ru. |
| 14 | Талламан болх | 1 | 1 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| 15 | Доца шеконан мукъа аьзнаш *(а, у, и)* | 1 | 0 | 0 | | www. urok95/ru. |
| 16 | Нийсааларан бакъонаш (Орфоэпин бакъонаш). Интонацех хаамаш | 1 | 0 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| | **Дешнийн латтам а, дешнийн кхолладалар а (2 с.)** | | | | | |
| 17 | Дешан латтам (дешан хIоттам) | 1 | 0 | 0 | | www. urok95/ru. |
| 18 | Нохчийн маттахь дошкхолларх а, дешнийн форманех а кхетам | 1 | 0 | 0 | | www. urok95/ru. |
| | **Морфологи (13 с. + 2 с.)** | | | | | |
| 19 | ЦIердош. ЦIердешнийн классаш, легарш, церан нийсайаздар | 1 | 0 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 20 | Чолхечу а, цхьана дешдекъах льттачу а цIердешнийн нийсайаздар | 1 | 0 | 0 | | www. desharkho.ru |
| 21 | Билгалдешнийн легарш, церан нийсайаздар | 1 | 0 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| 22 | Терахьдешнийн кхолладалар, легар, нийсайаздар | 1 | 0 | 0 | | www. desharkho.ru |
| 23 | Сочинени | 1 | 0 | 1 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| 24 | ЦIерметдешнийн легар, нийсайаздар | 1 | 0 | 0 | | www. desharkho.ru |
| 25 | Хандош. Хандешнийн хенийн чаккхенаш нийсайазйар | 1 | 0 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| 26 | Хандешан спряженеш, церан нийсайазйар. Нийса йоцу спряжени | 1 | 0 | 0 | | www. urok95/ru. |
| 27 | Куцдош, цуьнан тайпанаш, нийсайазйар | 1 | 0 | 0 | | www. urok95/ru. |
| 28 | ДештIаьхье, цуьнан нийсайазйар | 1 | 0 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| 29 | Хуттургаш, церан тайпанаш, нийсайазйар | 1 | 0 | 0 | | www. urok95/ru. |
| 30 | Дакъалгаш, церан тайпанаш, нийсайаздар | 1 | 0 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| 31 | Айдардешнаш, церан тайпанаш нийсайаздар | 1 | 0 | 0 | | www. urok95/ru. |
| 32 | Талламан болх | 1 | 1 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |
| 33 | Нохчийн а, оьрсийн а меттанийн къамелан дакъойн | 1 | 0 | 0 | | ps95.ru/dikdosham/ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | йукъара долчух а, йукъара доцчух а кхетар | | | | | |
| | **Іамийнарг карладаккхар (1 с.)** | | | | | |
| 34 | Дешаран шарахь биначу белхан жамІдар | 1 | 0 | 0 | | www. urok95/ru. |
| ПРОГРАММИЦА САХЬТИЙН БАРАМ | | **34** | **3** | **2** | | |